CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९२

०५।१०।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आर्थिक वर्ष २०७६/७७ मे देशके कूल आय व्यय

तीनु तहके सरकारके बजेट आ खर्चमे दोहराक पड़ल पैसा घटाक आबवला पैसा

**कुल बजेट**
रु. १८ खर्व ९० अर्व १ करोड

**आन्तरिक ऋण**
रु. १ खर्व ९४ अर्व ९० लाख

**राजश्व प्राप्ती**
रु. १० खर्व ४७ अर्व २३ करोड

**वैदेशिक अनुदान**
रु. १८ अर्व ८८ करोड ५७ लाख

**वैदेशिक ऋण**
रु. १ खर्व १६ अर्व ४८ करोड

**कुल खर्च**
रु. ११ खर्व ९१ अर्व ५ करोड

स्रोत: https://www.fcgo.gov.np/uploads/tabnoticelist/2021-01-12/PRESS_NOTE.pdf

## नेपाल अपडेट




सरकार स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड पालना करु कहिक आग्रह कलरहल छै, लेकिन धादिङके ज्वालामुखमीमे भेल ई कार्यक्रम आब आदमीमे कोभिडके डर हैट गेलै से देखाबैत छै ।
चित्र: गुण बहादुर अर्याल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २०,१६,७५८
पोजेटिभ: २,६७,६४४
उपचाररत: ३८६१
मृत्यु : १,९६५
सन्चो भएका : २,६१,८१८





# हल्ला र तथ्य



सरकार कोरोना बीमा यथाशिघ्र भुक्तानी कहिक बेर बेर निर्णय करैत अछि, लेकिन पुष्टिकरणमे समय लागत कहिक कागजात बुझेलाके १ मास बादो दावी कएल पैसा नै भेटलै त ?

कोरोना बीमा दावीके लेल पेश भेल कतेको विवरणसभ संगे पुष्टिकरण केलापर कतेकोके नाम, थर, उमेर, पता पिसिआर के परिणाम प्रतिवेदन, तारिख जेहन न्यूनतम विवरण अपुर्ण भेल आ कतेको आदमीसभके विवरणसभ मन्त्रालयमे रहल आंकडा संगे मिडेलापर नै भेटलाके कारण सँ पुष्टिकरणमे ढिलाई भअरहल छै । तहिँसँ, बीमितसभके पुष्टिकरणके अवस्थाके जानकारी सम्बन्धित बीमा कम्पनी सँ जानकारी लेब स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय सबके आग्रह केने छै ।


स्रोत: https://cutt.ly/SjEG3BN



नेपालमे खोप भण्डारणके पूर्वाधारसँगे आरो तैयारी नै भेला सँ खोप आनमे देर भअरहल बात आबिरहल छै । अई सम्बन्धमे सरकारके तैयारी कि छै ?

स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके अनुसार अखन एक सँ आठ डिग्री सेल्सियसमे एक करोड ७० लाख खोपके शिशी भण्डारण कर सकबला पूर्वाधारके विकास भचुकल छै । तहिना कलक, नेपालमे रहल १६ हजार खोप केन्द्रके उपयोगमे लाबके सरकार तैयारी केने छै । खोप कार्यक्रम प्रभावकारी बनाब पाँच हजार कर्मचारी आ ५२ हजार स्वास्थ्य स्वयंसेविका परिचालन करके अन्तिम तैयारी सेहो सरकार केने छै ।

स्रोत: डा.झलक शर्मा गौतम, खोप शाखा प्रमुख, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय



वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आबीक नेपालमे उद्यम करबला उद्यमीके सरकार सम्मान आ पुरस्कार दअरहल छै कहादन । पुरस्कारमे सहभागि होबके मापदण्ड केहन छै ?

वैदेशिक रोजगारीमे जाअक फिर्ता आबिक स्वदेशमे उद्यम कअ राष्ट्रिय उत्पादन आ रोजगारीमे योगदान कअरहल उद्यमीसभके हुनकासभके योगदानके कदर स्वरुप सरकार पुरस्कृत करैत छै । अईके लेल श्रमिक भिषामे विदेश जाअक कम्तिमे १ वर्ष काम कअक फिर्ता आएल आ वितल ५ वर्ष भितर श्रम, रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षा मन्त्रालयसँ एहन प्रकारके पुरस्कार प्राप्त नै केने होब पड़त । अई पुरस्कारमे सहभागि होबला उद्यमीके अपन नागरिकता, श्रम स्वीकृति, भिषा सहितके राहदानी, व्यवसाय दर्ता प्रमाणपत्र, कर दर्ता प्रमाणपत्र, आ.व. ०७६/७७ के करचुक्ता प्रमाण पत्रके प्रतिलिपी फारमसँगे राखिक पठाब परैत छै ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/172/lan/ne-NP



नेपाल सेहो कोरोनाके खोपके लेल अनुमती देलकै कहादन ?

ऋखनला आपतकालिन अवस्थामे प्रयोग करके प्रयोजनके लेल मात्रे दवाई व्यवस्था विभाग सेरम ईन्स्टिच्युट अफ ईन्डिया प्रा.लि.के कोभिशिल्ड खोपके अनुमति देने छै । ओई खोपके किनके प्राथमिकतामे राखिक कोभिड-१९ के खोप लगाब पहिचान भेलसभके लगाबके जरुरी कामसभ भअरहल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/rjz4Mr7

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

## PCR परिक्षण कराब सकबला जगाहसभ:

### Dubai

**City Walk**
Time: Daily, 10aam to 8pm
Location: 25.2055625, 55.2614375

**Mina Rashid**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.2519375, 55.2800625

**Al Khawaneej**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.2434375, 55.4695625

### Sharjah

**Golf and Shooting Club**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.3543125, 55.4889375

### Ajman

**Al Jerf 2**
Time: Sunday to Thursday, 10am to 6pm; Friday and Saturday closed
Location: 25.4038125, 55.4821875

### Ras Al Khaimah

**Dafan Al Khor centre, near the corniche**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.7728125, 55.9343125

### Umm Al Quwain

**Defence Camp, Sheikh Khalifa Hall**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.5073125, 55.5965625

### Fujairah

**National testing centre, near Fujairah Hospital**
Time: Daily, 10am to 8pm
Location: 25.1315625, 56.3204375

### Abu Dhabi

**Zayed Sports City**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday 12noon to 8pm
Location: 24.4149375, 54.4506875

**Al Wathba Screening Centre**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday closed
Location: 24 24.2194375, 54.6838125

**Al Bahia Screening Centre**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday closed
Location: 24.5340625, 54.6745625

**Al Shamkha Screening Centre**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday closed
Location: 24.3829375, 54.7081875

**Abu Dhabi Corniche**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday closed
Location: 24.4654375, 54.3306875

**Al Ain – Al Hili Screening Centre**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday closed
Location: 24.3030625, 55.7900625

**Al Ain – Asharej Screening Centre**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 7pm; Friday 12noon to 8pm
Location: 24.1828125, 55.6608125

**Al Dhafra – Madinat Zayed**
Time: Saturday to Thursday, 8am to 8pm; Friday closed
Location: 23.6363125, 53.7086875

**Al Dhafra – Ghayathi**
Time: Sunday to Thursday, 8am to 8pm; Friday and Saturday closed
Location: 23.8381875, 52.8096875

**Al Dhafra – Al Mirfa**
Time: Sunday to Thursday, 8am to 8pm; Friday and Saturday closed
Location: 24.0855625, 53.4983125

**Al Dhafra – Al Silla**
Location: 24.0435625, 51.7588125

**Al Dhafra – Liwa**
Location: 23.1479375, 53.8073125

**Al Dhafra – Delma**
Location: 24.4879375, 52.3335625

*Source: Gulf News*

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# कोभिडले मलेसियाको रोजगारी खोस्यो, अहिले गाँउमा कृषि गर्दैछुँ



हमरा मलेसिया जायलागल ८ वर्ष भेल । अई बेर सेहो हम मलेसिया पुगला ३ वर्ष भेल छलै । लेकिन, कोभिडके कारण सँ हमसभ मलेसियामे काम करहल कम्पनीए बन्द भगेलै । ओत रहलापर कम्पनी बन्द भेलाके बाद खाना सेहो खायला नै भेटल, नै त घुमफिर कर सकके अवस्था छलै । कमाई नै भेलाके बाद ओत रह नै सकके अवस्था भेलै । घर फिर्ता आबके विकल्प नै छलै । हमरे जकाँ एके कम्पनीके काम करवला ५० कोई जते नेपाली साथीसभके अवस्था एकेरंग भगेल । तेकरबाद हमसभ २०२० के जुन महिनामे स्वदेश फिर्ता एलौ ।

फिर्ता आबकाल सेहो बहुते दुःख सह परल । काठमाण्डौ पुगलाके बाद सल्यान आबहे मे बहुते समस्या भेल । २४ घण्टा तक खाना नै खुवाळक गाडीमे चल परल । २८ दिन क्वारेन्टाइनमे रहलौ । ३ वर्षके बाद रोजगार गुमाक घर फिर्ता एलापर परिवार नजिके छल लेकिन १ महिना तक परिवारके नै भेटक रहलौ । ८ वर्षके वैदेशिक रोजगार बहुते सन्तोषजनक नै होईतो निराश होब नै परल छल । स्वदेशेमे होईतौ तं, रोजगारी गुमलाके बादो बेसहारा जेना भुखले नै रह परैत । अइ सँ पहिले वैदेशिक रोजगारी सँ पैसा कमाएब कहिक मात्रे बुझने छलौ, लेकिन अई बेर वैदेशिक रोजगारीसँ गुमाबवला पक्षके सेहो बढिए सँ अनुभव कर पेलौ । ऊ दुःख याद कळक हम आब कहियो विदेश नै जाएब तै निर्णयमे पहुचल छी ।

आब गाँमेमे अपने व्यवसाय कर चाहिरहल छी । भैंसी पालनके शुरुवात सेहो कळचुकल छी । हमरेसभ जकाँ कोभिडके कारण विदेश मे रोजगारी गुमौनेसभके गाँमेमे काम करके लेल स्थानीय सरकारके आर्थिक सहयोग करके चाही जेना लगैय । हमरे जकाँ वैदेशिक रोजगारीमे रहल बहुते संगीसभ नेपालमे अवशर भेटलापर वैदेशिक रोजगारीमे नै जेताह । सरकार बहुते योजनासभ सेहो अनने अछि । लेकिन, वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल संगीभाईसभ ओई विषयमे जानकारी नै पबैत अछि । सरकार योजना संगे आब सचेतना कार्यक्रम सेहो आनत की ?

**बिनय बोहरा**

*बागचौर नगरपालिका, सल्यान*

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## रेणु आचार्य ढकाल

उप-मेयर, भेरिगंगा नगरपालिका, सुर्खेत

"अई नगरपालिकाके ववइ नाका कोभिडके समयमे बहुते तनावग्रस्त भेलै । प्रदेशमे आबवला आदमीके प्रवेश देब नै देब तै विषयमे विवाद भेलै । ववईमे हेल्थ डेस्क सेहो राखल गेलै । भेरिगंगा नगरपालिकामे प्रदेश भैरके क्वारेन्टाइन राखके सम्बन्धमे स्थानीय वासीसभ आपत्ती जनेलाके बाद अन्तिममे प्रत्येक पालिकामे क्वारेन्टाइन राखके निर्णय भेल छलै । कोरोना विरुद्ध काम करैत करैत हम अपने सेहो संक्रमित भेलौ । बन्दाबन्दीके समयमे भेरिगंगा नगरपालिकाके बहुते आदमीसभ वैदेशिक रोजगार सँ फिर्ता आएल छैथ । एत आम्दनीके वातावरण नै भेलाके बाद ऊसभ फेर विदेश फिर्ता जायके तैयारीमे छैथ । लेकिन, हुनकासभके स्थानीय स्तरमे रोजगार बनाबके कार्यक्रमसभके प्राथमिकतामे रखने छी । "

## मोहन वुढा क्षेत्री

प्रमुख प्रशासकिय अधिकृत, पञ्चपुरी नगरपालिका, सुर्खेत



"जखन हम कोरानाके बारेमे सञ्चार माध्यमसँ बुझलौ, तखन, आब नै बाँचब तेना लागल छल । आदमीसभके सम्पर्क सँ दूर रहके छलै । कोरोनाके रोकथाम आ नियन्त्रणके भूमिका जखन तीनुतहके सरकारके निर्वाह कर परलै, तखन आरो डर लागल । लेकिन, जनप्रतिनिधी आ कर्मचारी बीच बढिया तालमेलके कारण सँ कोरोना रोकथाम आ नियन्त्रणमे हमरासभके आसानी भेल । अई सँ समूहमे रहिक एकताबद्ध भलक काम केलापर केहनो भी परिस्थितीके सेहो जित सकैछी से सिखेने अछि । अखन नगरपालिकाके ध्यान कोभिडके बेरमे भारत लगाएतके देशसँ फिर्ता आएल आदमीसभके नगरपालिकामे रोजगारीके वातावरण बनेनाइ आ फेर विदेश जायके लेल बाध्य नै करेनाई रहल छै । "




## भुपेन्द्र देव गिरी

जनस्वास्थ्य निरीक्षक, जनस्वास्थ्य शाखा, वीरेन्द्रनगर नगरपालिका, सुर्खेत

"कोभिडके संक्रमण उच्च भेल समयमे वीरेन्द्रनगर नगरपालिकामे रहल १५ टा स्वास्थ्य संस्थासभसँ भोर ८ वजेसँ साँझके ६ बजेतक सेवा देलौ । हमसभ बोखार जाँचके क्लिनिक बनेलौ । हेल्थ डेस्क सेहो रखलौ । काम करकाल हमसभ बहुते चूनौती भोगलौ लेकिन तैयो हमसभ लगातार अपन काम करैत रहलौ । हम अपने सेहो कोरोना संक्रमित भेलौ । अखन प्रत्येक सप्ताहके बृहस्पतिदिन पिसिआर परिक्षण करहल छी । शुरुवातमे स्वास्थ्यके सामान, दवाई, किट ईतिके समस्या रहलै आ तेकर बाद क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनमे सेहो समस्या रहलै । पाछुके समयमे बहुते आदमीसभके एकान्तवासमे राखमे चूनौती भेलै । अखन आदमीसभ अई विषयमे संवेदनशिल नै छै, अई सँ समस्या उत्पन्न करहल छै । "

# २०७७ पौष १७ गते सँ माघ ४ गते तक कोभिड - १९ के नयाँ संक्रमितके संख्या




उपरके रेखाचित्रमे २०७७ पुष १७ गते सँ माघ ४ गते तक कोभिड - १९ के नयाँ संक्रमितके संख्याके देखाओल गेलछै । पुष २७ गतेके छोड्बै तँ, अई अवधीमे नित्य नयाँ संक्रमितके संख्या ३०० सँ कम रहल छै । तहिना कलक प्रतिदिन परीक्षणके संख्या ३००० सँ ५००० रहल छै । इ आँकडाके अगिला महिना सँ तुलना करबै त, आब धिरे धिरे संक्रमण नियन्त्रणमे आबिरहल छै से देखाबैत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219